

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan nu judulna “Aspék Kapribadian Tokoh Utama dina Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra Lacan)” boga tujuan pikeun maluruh ngeunaan: 1) struktur carita kumpulan carpon anu ngawengku aspék sintaksis (galur) jeung aspék semantik (téma, tokoh jeung penokohan, latar), 2) aspék kapribadian tokoh utama nu ngawengku aspék kapribadian *yang nyata, yang imajinéer, jeung yang simbolik*, sarta 3) faktor-faktor nu mangaruhan kapribadian tokoh utama. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktural Todorov jeung tiori psikoloanalisis Jacques Lacan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis kalawan ngagunakeun téhnik tala’ah pustaka. Instrumén anu digunakeun kabagi dua, kahiji instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta tabél céklis tala’ah dokuméntasi, tabél struktur carita, tabél aspék kapribadian, jeung tabél faktor-faktor nu mangaruhan kapribadian. Sedengkeun nu kadua nyaéta instrumén pikeun analisis data ngagunakeun kartu analisis.

Struktur carita nu diguar téh ngan aspék sintaksis jeung semantik kumpulan carpon “Jurig” jeung “Nyi Karsih” wungkul. Anu ngalantarankeun aspék vérbalna teu diguar dina ieu panalungtikan nyaéta, puseur panitén mah teu mangaruhan teuing kana hasil ahir dina ieu panalungtikan nu dipatalikeun jeung psikologi sastra, tegesna dina aspék kapribadian tokoh utama. Dina analisis aspék kapribadian teu sakabéh tokoh dipaluruh. Tokoh-tokoh nu dianalisis aspék kapribadianna tina tilikan psikologi sastra nyaéta tokoh utama.

Analisis aspék sintaksis, museur kana analisis galur. Tina hasil analisis, bakal kaguar ngeunaan jalan carita ieu kumpulan carpon katut kajadian-kajadian nu karandapan ku para tokoh utama sarta mikanyaho lebah mana *klimaks*-na ieu carita, nu bakal patali jeung analisis struktur satuluyna, tegesna téma carita. Lian ti éta, analisis galur ieu kumpulan carpon téh bakal ngagampangkeun panalungtik dina ngaguar téma carita, sarta bakal patali jeung aspék semantik, tegesna mah analisis palaku jeung latar carita.

Sedengkeun aspék semantik, ngawengku téma, tokoh jeung penokohan, sarta latar. Téma dumasar kana tiori nu digunakeun, dibagi jadi dua nyaéta téma mayor jeung téma minor. Tokoh jeung penokohan ogé, bisa dipasing-pasing jadi sababaraha bagian, di antarana tokoh utama jeung tokoh tambahan. Ditilik tina fungsi tampilna, tokoh bisa dibédakeun jadi tokoh protagonis jeung tokoh antagonis. Jeung ditilik tina jenis watekna, kabagi jadi tokoh basajan jeung tokoh buleud. Sarta dina bagian latar, aya nu dimaksud latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial.

Sanggeus kapaluruh struktur carita dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*, saterusna dianalisis aspék kapribadian tokoh utama dina tilikan psikologi sastra. Dumasar kana hasil analisis nu dipedar tina bab IV, kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*, miboga tilu aspék kapribadian nyaéta aspék *yang nyata*, *yang imajinéer*, jeung *yang simbolik*, ieu hal dibuktikeun ku carita hirup para tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*. Dina aspék *yang nyata*, umumna para tokoh utama miboga kabutuhan nu réa nu geus kacumponan ku tokoh séjén atawa dirina sorangan. Aspék *yang imajiner*, para tokoh utama miboga kahayang nu henteu saluyu jeung nu dipiharep, nepi kajadian rasa kakurangan dina diri tokoh utama. Pamungkas, aspék *yang simbolik*, para tokoh utama mimiti ngamunculkeun hasrat kahayangna pikeun dicumponan dina sagala kakurangan nu karasa ku para tokoh utama.

Di sagigireun kapribadian para tokoh utama nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*, aya faktor- faktor nu mangaruhan kapribadian tokoh utama. Dumasar kana hasil analisis faktor-faktor nu mangaruhan kapribadian tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* loba diwangun ku faktor-faktor internal nu ngagambarkeun ayana pangaruh tina kaayaan psikologis jeung pasualan hirupna. Sedengkeun faktor éksternal kawangun ku ayana faktor ti luar dirina, saperti faktor lingkungan.

Jadi bisa dicindekkeun yén dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* téh diwangun ku struktur carita anu gembleng, caritana ngagambarkeun kana imajinasi nu dipageuhan ku kasadaran anu jembar kana sajarah masarakat jeung kahirupan baheula. Aspék kapribadian tokoh utamana bisa kapaluruh kalawan jéntré dumasar kana hasil kabutuhanna (*yang nyata*), kakuranganna (*yang*

*imajinér*), jeung hasrat kahayangna (*yang simbolik*). Kapribadian tokoh utama bisa kapaluruh sabab ayana faktor-faktor nu mangaruhan kana kapribadian tokoh utama nu ngawengku faktor internal jeung éksternal.

## 5.2 Implikasi

Struktur dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan, hususna nu patali jeung karya sastra carpon.

Aspék kapribadian tokoh utama jeung faktor nu mangaruhan kapribadian dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang psikologi sastra, lantaran dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* bisa katitén rupaning hal nu patali jeung kajiwaan tokoh anu bisa dijadikeun sarana pikeun mekarkeun élmu psikologi sastra.

## 5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan tangtu masih loba kahéngkérannana. Tapi sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun pihak nu patali jeung ieu panalungtikan. Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun.

Pikeun masarakat akademik atawa nu maca, dipiharep bisa ngeuyeuban sumber-sumber paélmuan nu bisa méré mangpaat leuwih pikeun kamajuan élmu pangaweruh hususna dina karya sastra Sunda. Geus kuduna masarakat akademik melék wacana utamana kana karya sastra, kaasup dina méré ajén leuwih minangka prosés kritik sastra atawa prosés aprésiasi sastra.

Pikeun lembaga paélmuan, dipiharep jadi lembaga anu bisa ngahudangkeun karep di kalangan akademk dina maluruh, nguji, jeung nalungtik élmu jeung karya sastra.

Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan ngeunaan psikologi sastra utamana psikoanalisis geus loba, tapi anu dianalisis lolobana kana hasil karya pangarang. Pikeun panalungtikan satuluyna, coba patalikeun analisis kapribadian tokoh utamana anu aya dina kumpulan carpon nu digambarkeun ku pangarang jeung kapribadian pangarangna. Naha pangarang bisa ngagambarkeun kapribadian

saperti anu dipilampah ku tokoh dina eusi carpon, naha aya kaitanna kapribadian tokoh dina kumpulan carpon jeung kasang tukang pangarang atawa kapribadian pangarang. Lian ti kapribadian pangarang, kumaha réaksi pamaca kana kapribadian tokoh dina eusi carpon anu ditalungtik.